bo‘lib, aksincha kam hududlarda esa yanada kamayib boradi, ba’zi hollarda bu teskari bo‘lishi ham mumkin. Bunga albatta, hududlarning o‘zlashtirilganlik darajasi, ijtimoiy-iqtisodiy, siyosiy va boshqa ko‘plab omillar sabab bo‘ladi. Shu kabi omillarga bog‘liq holda aholi zich yashaydigan hududlarda ishchi kuchining ortiqligi, kam hududlarda ularning yetishmasligi kabi muammolar kelib chiqadi.

**Adabiyotlar**


1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2022-yil 28-yanvardagi «2022–2026-yillarga mo‘ljallangan Yangi O‘zbekistonning taraqqiyot strategiyasi to‘g‘risida»gi PF-60-son Farmoni.
2. Тожиева З.Н. Ўзбекистон аҳолиси: ўсиши ва жойлашиши (Монография). – Т.: «Фан ва технология», 2010. 276-б.
3. https://navstat.uz- Namangan viloyati statistika boshqarmasi sayti.
4. Tojiyeva Z., Omanova K., Pardayev N., Jaloliddinov N., Musayev B., Khursanov S. Regional Characteristics in the Dynamics and Location of the Rural Population of the Republic of Uzbekistan. E3S Web of Conferences 491, 04004 (2024). https://doi.org/10.1051/e3sconf/202449104004.



**REZYUME.** Mazkur maqolada kichik hududlar ijtimoiy-demografik rivojlanishi xususiyatlari, aholi soni dinamikasidagi o‘zgarishlar, aholisi tarkibi, oilaviy, yosh tarkiblari mahalla fuqarolar yig‘inlari kesimida tadqiq etilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье исследованы социально-демографические развития маленькой территории, изменении динамики численности населении, состав население, семейный, возрастной состав населении по разрезу сходы граждан махалли.

**SUMMARY**. The article examines the socio-demographic development of a small territory, changes in the dynamics of the population, the composition of the population, family, age composition of the population by the section of citizens' meetings of the mahalla.


## АЎЫЛЛЫҚ ОРЫНЛАРҒА ГЕОГРАФИЯЛЫҚ ТӘРЕПТЕН СЫПАТЛАМА


**Г.Б.Утепова –** *география илимлериниң кандидаты, доцент*

**Қ.К.Узақбаев** – *география илимлери бойынша философия докторы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** қишлоқлар, қишлоқнинг географик жойлашуви, аҳоли пунктлари, қишлоқ хўжалигига ихтисослашган қишлоқлар, ихтисослаштирилмаган қишлоқ хўжалиги қишлоқлари, аралаш (агросаноат) қишлоқлар.

**Ключевые слова:** деревни, географическое расположение деревни, населенные пункты, специализированные сельскохозяйственные деревни, неспециализированные сельскохозяйственные деревени, смешанные (агропромышленние) деревни.

**Key words:** villages, geographical location of villages, settlements, villages specialized in agriculture, villages that did not specialize in agriculture, mixed (agro-industrial) villages.


**Кирисиў.** Аўыллар қала ҳәм қала типиндеги елатлы пунктлердиң сырттағы аймақлары болып олар аўыл хожалығында үзликсиз пайдаланатуғын жерлер ҳәм де турақлы халық жасаў орынлары есапланады. Аўыллық орынлар географиялық картада ареал, майдан көринисинде болып, ондағы аўыллық елатлы пунктлери болса ноқат тәризли формада сәўлеленеди. Аўыллар жәмийеттиң социал-аймақлық шөлкемлесиў бирлиги есапланады.

Аўыллар қалаларға салыстырғанда халық жасаў орнының әййемги формасы болып, әййемги заманларда дәслепки халық мәкан-жайлары қала ямаса аўыл деп аталмаған. Аўыллардың пайда болыўы социаллық мийнеттиң бөлистирилиўинде суўғарылатуғын дийқаншылық тараўларының раўажланыўы менен тығыз байланыслы. Суўғармалы дийқаншылық илгери заманда тәбийий суў ағымынан пайдаланған жағдайда алып барылған, кейинирек болса, суўғарыў системалары (бөгет, жап, салма ҳ.т.б) ҳәм қураллары (шығыр) тийкарында раўажланған. Әлбетте, бундай суўғарыў системалары ямаса ҳәзирги заман тили менен айтқанда ирригация инфрасистемаларын жаратыў, пайдаланыў ҳәм оларды қорғаў кең жәмийетшилик мийнетин жеңиллестириў, халықты бир орында ҳәм биргеликте жасаўына тийкар болған. Дәрьялар, сайлар, суў сақлағышлар ҳәм ирригация каналлары аўыллық орынлардың географиялық жайласыўын белгилеп берген. Суўғармалы дийқаншылықтың раўажланыўы тийкарында ири аўыллар пайда болған.

Аўыллар көбинесе төбеликлерде, таў етеклеринде жайласады. Бундай микрогеографиялық орын стратегиялық тәрептен ҳәм де жер асты суўы қәддиниң көтерилиўи нәтийжесинде жүзеге келетуғын изейдиң алдын алыў ушын да қолайлы есапланады. Тәбийий географиялық фактор аўыллардың шөл, оазис ҳәм алап, таў ҳәм таў алды аймақларда жайласыўы, турақ-жай қурылысы ҳәм олардың региونлық өзгешеликлерин белгилеп береди. Соның менен бирге, ҳәр қыйлы тәбийий апатлар жүзеге келиў мүмкиншилигине ийе (сел алыў, опырылыў, жер силкиниў, күшли самал ҳ.т.б.) аймақларда жайласқан аўыллар қолайсыз географиялық орынға ийе. Демек, аўыллық орынлар тәбийий географиялық шараят пенен үзликсиз байланысқанлығы себепли, аўыл хожалығы да тиккелей тәбийий шараят тәсиринде қәлиплесип ҳәм раўажланып аўыллық орынлар географиясына турақлы тәсир етеди.

Жәмийет турмысындағы раўажланыў ҳәм кейинги өзгерислер нәтийжесинде аўыллардың әсте ақырын қалаларға айланыўына ҳәм турақлы раўажланып барыўына себеп болған. Әйне усы дәўирлерден баслап социаллық турмыстың аймақлық дүзилисиниң тийкарғы еки формасы аўыллар ҳәм кейинрек қалалар пайда болған.

**Әдебиятларға шолыў.** С.А.Ковалев елатлы пунктлердиң жайласыўына төмендегише баҳа береди. Белгили бир аймақтағы адамлардың турмыс кешириўи, зәрүрли материаллық шараятларды жаратыўы, жасаўы ушын мөлшерленген қолайлы, анық орыны бул – "елатлы пунктлер жыйындысы" [5:46] деп атаўды усыныс етеди. Халықтың территориялық жайласыўы бир-бири менен өз-ара байланыслы болып, ҳәр қыйлы өлшемдеги көринисте сәўлеленеди, сондай-ақ ҳәр түрли ўазыйпа ҳәм функцияларды орынлайды. Елатлы пунктлердиң жайласыў формасы ҳәр қыйлы көлемде болыўы менен бирге территориялық өзгешеликке де ийе. Бул өзгешелик олардың экономикалық тәрептен өзлестирилиў дәрежесин көрсетеди.

А.И.Алексеевтиң пикиринше аўыллық орынлардағы елатлы пунктлер тәбийий ресурсларға тийкарланып жүзеге келеди. Оның баслы өндирис функциясы жер ресурсларын эксплутация етиў нәтийжесинде аўыл хожалық өнимлериниң айырым бөлегин өзи ушын пайдаланыў, айырым бөлегин болса сатыў ушын өндириўден ибарат болып табылады [4:11]. Аўыл халқы жасайтуғын елатлы пунктлар тарийхый дәўирлерден бери көбирек тәбийий географиялық факторлар нәтийжесинде жүзеге келген ҳәм усының тийкарында хожалық формалары раўажланған. Сол себепли көпшилик аўыллар суў ресурслары мол аймақларға жақын дийханшылық ҳәм шарўашылық пенен шуғылланыў мүмкиншилиги қолай, табийий ресурслар базасы тийкарында жайласқан. Географиялық орталық ҳәм тәбийий шарherб аўыллық елатлы пунктлердиң жайласыўын белгилеп береди.

**Талқылаў ҳәм нәтийжелер.** Аўыл халқының географиялық орталық ҳәм тәбийий шараят пенен соншелли беккем байланысқанлығы олардың турмыс тәризи, жасаў жағдайлары, ҳәттеки минез-қулқында да тәбийийликти ҳәм әпиўайылықты келтирип шығарған. Қала халқының өзгешелиги жасаў орталығының тәсиринде жаңалықларға умтылыўшылығы, оларды тез қабыл етиўи ҳәм өзлестириўи менен көзге тасланады. Қалалар аўыллардан ажыралып шыққан яғный, қалалар аўыллардың раўажланған формасы. Жер жүзиниң ең әййемги қалалары Жақын Шығыс, ҳәзирги Израил, Иордания, Сирия мәмлекетлери аймағында қәлиплескен.

Бизиң шараятымызда аўыллар "қыслаў" мәнисин аңлатыўы да бийкар емес. Себеби, жақын өтмиште жергиликли халық жазғы ҳәм гүзги атыз жумысларын (бағшылық, шарўашылық, дийқаншылық) тамамлағаннан кейин, жыйналған зүрәәтлер дән, мийўе, отын ҳәм басқа зәрүрли өнимлер менен қыс айын өткериў ушын аўылларға қайтқан. Сондай-ақ, халық аўызеки тилинде "жазлаў" деген термин де ушырасады. Бул өз гезегинде шарўашылыққа тийкарланған сөзлик болып, аўыл адамлары бәҳәр келиўи менен шарўа маллары ушын қолайлы кеңисликлерге (дала ҳәм ярым шөллерге) көшип ҳәм гүз айының ақырында шарўа маллары менен қыслаўға қайтып келетуғын болған.

Аўыл ҳәм қалалар айрықша географиялық жуплық болып, биреўиниң раўажланыўы екиншисине байланыслы. Оларды бүгинги күнде бири-бирисиз көз алдымызға сәўлелендирип болмайды. Аўыллар ҳәм қалалар жәмийетте өзиниң салмақлы орнына ийе. Аўыллық орынлар көбирек тәбияты менен шырайлы болса, қалалар саўлатлы имаратлары, заманагөй көринислери менен инсанды өзине тартады.

Аўыллық орынлар ямаса аўыллар тийкарынан аўыл хожалығы менен шуғылланатуғын халықтың аймақлық шөлкемлесиў формасы болып, ол мәниси жағынан география, әсиресе, экономикалық ҳәм социаллық географияның зәрүрли изертлеў обьекти есапланады. Бирақ, аўыллық орынлар бул илим шеңберинде қалаларға қарағанда жүдә аз үйренилген. Қалалардың жәмийет турмысында жетекши орын тутыўы, жақын өтмиште аўылларға екинши дәрежели көз-қарас, аўылларды қалаларға айландырыў сиясаты, аўыллардың көп санлылығы ҳәм олар бойынша статистикалық мағлыўматлардың кемлиги ҳ.т.басқалар аўыллық орынлар географиясына салыстырмалы итибарсызлықты келтирип шығарды.

Аўыллық орынларды илимий тәрептен үйренгенде олар жайласқан аймақтың тәбийий географиялық шараятына айрықша итибар бериў керек. Атап айтқанда, орынның климат шараяты, рельефи, суў ҳәм топырақ ресурслары ҳәм флорасына итибар қаратыў лазым. Оларға айрықша агроландшафт, аймақлық комплекс ямаса аймақлық социал-экономикалық система ретинде методологиялық қарым-қатнаста болыў керек. Усыннан келип шығып, аўыллық орынларды комплекс үйрениўде системалы қатнаста болыў, аймақтың тарийхый басып өткен жолы ҳәм мүмкиншиликлерин есапқа алыў зәрүр. Оларды статистикалық, тарийхый ҳәм географиялық тәрептен салыстырыў, картографиялық көз-қарастан анализлеў, топарларға бөлиў, районластырыў ҳәм басқа да методлар тийкарында әмелге асырыў зәрүр. Сондай-ақ аўыллық орынлар географиясын үйрениўде социаллық мәселелер зәрүрли орын тутады ҳәм олар демографиялық процесслер сыяқлы халықлар географиясы менен де тиккелей байланыслы болады. Бунда аўыл халқының жасаў шараяты ҳәм турмыс тәризи, социал инфрасистема, геокрименоген, нозогеографиялық ҳәм геоэкологиялық жағдайлары анализ етилиўи керек.

Аўыллардың орынлайтуғын ўазыйпалары яғный функцияларына байланыслы илимий әдебиятларда (С.А.Ковалев, А.И.Алексеев) тийкарғы үш типке ажыратып үйренеди:

1. аўыл хожалығына қәнигелескен аўыллар;
2. аўыл хожалығына қәнигелеспеген аўыллар;
3. аралас (агросанаат) аўыллар.

Аўыллардың қәнигелесиўи ҳәм үлкен-кишилиги тийкарында олардың орынлайтуғын ўазыйпасы мудамы өз күшин сақлап турады.

Аўыл хожалығына ***қәнигелескен*** аўыллар бағшылық ҳәм жүзимшилик, мийўе-палыз өнимлери, дәнли өнимлер ҳ.т.басқа суўғарылатуғын дийқаншылық ҳәм шарўашылық түрлери менен шуғылланады. Аўыл хожалық тармақларының "аўыл пайда етиў" мүмкиншилиги де ҳәр қыйлы болады. Салыстырмалы үлкен аўыллар суўғармалы дийқаншылық раўажланған аймақларда жүзеге келеди. Шарўашылықтың түрлери менен шуғылланған халықтың жасаў аймақлары онша үлкен болмайды.

Аўыл хожалығына ***қәнигелеспеген*** аўыллар тийкарынан ҳәр қыйлы жер асты қазылма байлықлары

мол аймақларда, темир жол тараўлары раўажланған орынларда, метеорологиялық станциялар тийкарында, туристлик ҳәм рекреациялық орынларда, каналлар, суў сақлағышлар ҳәм басқа да ирригация тармақлары менен байланыслы территорияларда қәлиплеседи. Бундай аймақларда әдетте өндирислик санаат тараўлары басым көпшиликти, ал дийханшылық ҳәм шарўашылық түрлери болса жүдә аз муғдарда болады. Бул аўыллардың халқы да онша көп болмайды. Өндирислик потенциалының үлкен болмаўы себепли бундай аўыллардың көпшилиги қала ямаса қала типиндеги елатлы пункт статусына ийе емес. Бирақ келешекте өндирислик санаат тараўлары жақсы раўажландырылса бундай аймақларды *қала типиндеги елатлы пункт* ямаса *киши қалаға* айландырыў мүмкиншилиги жоқары болады.

***Аралас*** типтеги (агросанаат) аўыллар жоқарыдағы еки тараўдың раўажланыўы ямаса, әдетте аўыл хожалығы менен байланыслы санаат кәрханалар негизинде пайда болған. Бундай аўыллардың демографиялық потенциалы салыстырмалы үлкен болады. Демек, аўыллардың үлкен-кишилигин олардың атқаратуғын функциясы белгилеп береди. Бул елатлы пунктлер географиясының ең зәрүрли нызамлықларынан бири болып табылады.

Аўыллардың үлкен-кишилиги олардың атқаратуғын функциясы менен бирге, халыққа хызмет көрсетиў ҳәм сервис тараўларының раўажланыў жағдайларыда ҳәр қыйлы болады. Аўыллық елатлы пунктлер тығыз жайласқан аймақларда айрықша “аўыл агломерациясы” қәлиплесип, олар шеңберинде маятник тәризли миграция жүзеге келеди.

**Жуўмақ.** Жуўмақлап айтқанда аўыллар дем алыў орынларын рекреация ҳәм туризмди раўажландырыўда да үлкен әҳмийетке ийе. Өзине тән шырайлы тәбияты, көзди қуўандыратуғын сулыў көриниси менен дыққатқа ылайық аўыллар көплеп табылады. Атап айтқанда сай ҳәм булақлар бойындағы аўылларда ҳәр қыйлы дем алыў үйлериниң заман талабына сай исленийи көплеген саяхатшылардың қызығыўшылығын арттырмақта. Әйне ўақытта аўыллық орынларда жергиликли, диний, агротуризм ҳәм экотуризмди раўажландырыў мүмкиншиликлери де жоқары. Өзбекстан Республикасында “Абат аўыл” дәстүриниң ислеп шығылыўы елимизде аўыллық орынларды ҳәр тәреплеме раўажландырыўға мүмкиншилик жаратты. Елимиздеги ҳәр қыйлы зыярат орынлары, көп жыллық тереклер, үңгир ҳәм сарқырамалар, әжайып таў ямаса оазис ландшафтлары, миллий халық ойынлары, дәстүр ҳәм тойлары, тағамлары ҳәм кийим-кеншеклери де белгили дәрежеде туристлерди өзине тартпақта. Әсиресе ҳәр қыйлы археологиялық табылмалар, қорғанлар ҳәм төбеликлер, әййемги ирригация системасы илимий ҳәм халықаралық туризмди аймақлық шөлкемлестириўде әҳмийетли бағдар болып хызмет етпекте. Аўыллық орынларды географиялық тәрептен үйрениўде жоқарыда сөз етилген пикирлерди есапқа алыў мақсетке муўапық болып табылады.

**Әдебиятлар**


1. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2020-йил 28-мартдаги “Аҳоли саломатлигини муҳофаза қилиш янада такомиллаштириш муносабати билан Ўзбекистон Республикаси хукуматининг айрим қарорларига ўзгартириш ва қўшимчалар киритиш тоғрисида”ги 187-сон қарори.
2. www.visasam.ru Николай Шувалов. Продолжительность жизни в мире по странам в 2023-2024 году.
3. www.dzen.ru Рейтинг продолжительности жизни по странам на 2024 год.
4. Алексеев А.И. Многоликая деревня: (населения и территория). –Москва: «Мысль», 1990. –С. 11.
5. Ковалев С.А. Сельское расселение. – Москва: МГУ, 1963. –С. 46.



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада қишлоқ жойларнинг географик тавсифи ва қишлоқ жойларига хос хусусиятларнинг илмий баҳоси берилган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье дается географическая характеристика сельских местностей и научная оценка особенностей, присущих сельским территориям.

**SUMMARY.** This article provides a geographical description of rural areas and a scientific assessment of characteristics inherent to rural territories.